

# Wellare

## Avi sou Pratik Konfidansyalite yo

**AVI SA A DEKRI FASON YO KA ITILIZE AK KOMINIKE ENFÒMASYON MEDIKAL KI KONSÈNE OU AK FASON OU KAPAB JWENN AKSÈ NAN ENFÒMASYON SA YO. TANPRI EGZAMINE LI AK ANPIL ATANSYON.**

**Anvigè 1/10/2025**

Pou èd pou tradui oswa pou konprann sa a, tanpri rele nan **1-888-550-5252 (TTY: 711)**. Si necesita ayuda para traducir o entender este texto, por favor llame al telefono. **1-888-550-5252 (TTY: 711)**.

### **Devwa Antite ki Konsène yo:**

Wellcare se yon antite konsène jan li defini e reglemante dapre Lwa 1996 sou Transferabilite ak Responsabilite Asirans Sante (HIPAA). Lalwa egzije pou Wellcare prezève konfidansyalite enfòmasyon sou sante pwoteje ou (PHI), pou li ba ou Avi sa a sou devwa legal nou yo ak pratik konfidansyalite nou yo anrapò avèk PHI ou, pou li respekte kondisyon ki nan Avi ki anvigè kounye a, epi enfòmasyon w sizoka gen yon vyolasyon PHI ou ki pa pwoteje.

Avi sa a dekri kijan nou ka itilize epi kominike PHI ou. Li dekri tou dwa w genyen pou w jwenn aksè, modifiye, e jere PHI w ak fason pou w egzèse dwa sa yo. Tout lòt itilizasyon ak komunikasyon PHI ou ki pa dekri nan Avi sa a ap fèt sèlman avèk otorizasyon ou alekri.

Wellcare gen dwa pou nou chanje Avi sa a. Nou gen dwa pou fè Avi ki revize a oswa Avi ki chanje a antre anvigè pou PHI ou nou genyen deja, ansanm ak pou nenpòt PHI nou resevwa alavni. [Wellcare] pral revize epi distribye Avi sa a rapidman chak fwa gen yon gwo chanjman nan sa ki annapre la yo:

- Itilizasyon oswa Kominikasyon yo.
- Dwa ou yo.
- Devwa legal nou yo.
- Lòt pratik konfidansyalite ki endike nan avi a.

N ap mete tout Avi ki revize yo disponib sou sitwèb nou an oswa pa mwayen yon kourye apa.

### **Pwoteksyon Entèn PHI Oral, Ekri ak Elektwonik:**

Wellcare pwoteje PHI ou. Nou pran angajman tou pou kenbe konfidansyèl enfòmasyon sou ras, gwoup ras, ak lang ou (REL), ak sou oryantasyon seksyèl e idantite jennda ou (SOGI). Nou gen pwosesis pou konfidansyalite ak sekirite pou ede w.

Men kèk nan fason nou pwoteje PHI ou:

- Nou fòme estaf nou an pou yo respekte pwosesis konfidansyalite ak sekirite nou yo.
- Nou mande pou patnè komèsyal nou yo respekte pwosesis konfidansyalite ak sekirite yo.
- Nou kenbe biwo nou yo ansekirite.
- Nou pale sou PHI ou sèlman pou yon rezon dafè avèk moun ki dwe konnen.

- Nou kenbe PHI ou ansekirite lè nou voye yo oswa estoke yo sou fòm elektwonik.
- Nou itilize teknoloji pou anpeche move moun jwenn aksè nan PHI ou.

## **Itilizasyon ak Kominikasyon PHI ou ki Otorize:**

Sa ki annapre la a se yon lis fason nou ka itilize oswa kominike PHI ou san pèmision oswa otorizasyon w:

- **Tretman**— Nou gendwa itilize oswa kominike PHI ou ba yon doktè oswa lòt founisè swen sante k ap bay w tretman, pou kowòdone tretman w pami founisè swen yo, oswa pou ede nou pran desizyon sou otorizasyon davans anrapò avèk avantaj ou yo.
- **Peman**— Nou gendwa itilize epi kominike PHI ou pou fè peman avantaj pou sèvis swen sante yo ba w yo. Nou ka kominike PHI ou ba yon lòt plan sante, ba yon founisè swen sante, oswa ba lòt antite depann de Règ sou Konfidansyalite federal yo pou rezon peman yo. Aktivite peman yo ka gen ladan tretman reklamasyon, detèmine kalifikasyon oswa kouvèti asirans pou reklamasyon yo, ak pou egzamine sèvis yo pou nesosite medikal.
- **Operasyon Swen Sante**— Nou gendwa itilize epi kominike PHI ou pou fè operasyon swen sante nou yo. Aktivite sa yo ka gen ladan founi sèvis kliyan, reponn ak plent e apèl yo, epi founi jesyon swen ak kowòdinasyon swen.

Nan operasyon swen sante nou yo, nou ka kominike PHI ba patnè komèsyal yo. Nou pral gen akò alekri avèk asosye sa yo pou pwoteje konfidansyalite PHI ou. Nou ka kominike PHI ou a ba yon lòt antite ki depann de Règ sou Konfidansyalite federal yo. Antite a dwe gen yon relasyon avèk ou tou pou operasyon swen sante li yo. Sa gen ladan l sa ki suiv yo:

- Aktivite evalyasyon kalite ak amelyorasyon.
- Egzamine konpetans oswa kalifikasyon pwofesyonèl swen sante yo.
- Jesyon ka ak kowòdinasyon swen.
- Detekte oswa anpeche fwòd ak abi nan swen sante.

Ras, gwoup ras, lang, oryantasyon seksyèl, ak idantite jennda ou pwoteje ak sistèm e lwa plan sante a. Sa vle di enfòmasyon ou bay yo prive epi yo ansekirite. Nou kapab pataje enfòmasyon sa yo sèlman avèk founisè swen sante yo. Yo p ap pataje avèk lòt moun san pèmision w oswa otorizasyon w. Nou itilize enfòmasyon sa yo pou ede amelyore kalite swen ak sèvis ou yo.

Enfòmasyon sa yo ede nou:

- Konprann pi byen bezwen swen sante w yo.
- Konnen preferans lang ou lè w al wè founisè swen sante.
- Bay enfòmasyon sou swen sante pou reponn ak bezwen swen ou yo.
- Ofri pwogram pou ede w vin pi an sante.

Yo pa itilize enfòmasyon sa yo pou rezon garanti asirans ni pou pran desizyon sou si ou kapab resevwa kouvèti asirans oswa sèvis.

- **Kominikasyon bay Plan Sante Kolektif/Esponnsò Plan**— Nou gendwa kominike PHI ou a bay yon esponnsò plan sante kolektif, pa egzanp bay yon patwon oswa yon lòt antite k ap ba

w yon pwogram swen sante, si esponsò a te aksepte sèten restriksyon sou fason li pral itilize oswa kominike enfòmasyon sou sante pwoteje yo (pa egzanp li aksepte pou li pa sèvi ak enfòmasyon sou sante pwoteje yo pou aksyon oswa pou desizyon anrapò ak travay).

### **Lòt Kominikasyon PHI ou ki otorize oswa obligatwa:**

- **Aktivite pou kòlèk lajan**— Nou gendwa itilize oswa kominike PHI ou pou aktivite pou kòlèk lajan, pa egzanp pou kolekte lajan pou yon fondasyon charitab oswa yon antite sanblab pou ede finanse aktivite yo. Si nou kontakte w pou aktivite pou kòlèk lajan, n ap ba w posiblite pou w refize, oswa sispann, resevwa kominikasyon sa yo alavni.
- **Objektif Garanti Asirans** — Nou ka itilize oswa kominike PHI ou pou rezon garanti asirans, pa egzanp pou deside sou yon aplikasyon oswa yon demann pou kouvèti asirans. Si nou itilize oswa kominike PHI ou pou rezon garanti asirans, nou entèdi itilize oswa kominike PHI ou ki se enfòmasyon jenetik nan pwosesis garanti asirans lan.
- **Rapèl pou Randevou/Lòt Chwa Tretman**— Nou gendwa itilize epi kominike PHI ou pou fè w sonje yon randevou pou tretman ak swen medikal avèk nou oswa pou ba w enfòmasyon konsènan lòt chwa tretman oswa lòt avantaj e sèvis anrapò ak sante, tèlke enfòmasyon sou fason pou w kite finen oswa pou w pèdi pwa.
- **Jan Lalwa Egzije sa**— Si lalwa nan nivo federal, Eta, ak/oswa lokal egzije itilizasyon oswa kominikasyon PHI ou, nou gendwa itilize oswa kominike enfòmasyon PHI ou nan limit kote itilizasyon oswa kominikasyon an konfòm avèk lwa sa epi li konsène sèlman egzijans lwa sa. Si de oswa plizyè lwa oswa règleman ki kontwole menm itilizasyon oswa kominikasyon an gen konfli, n ap respekte lwa oswa règleman ki gen plis restriksyon yo.
- **Aktivite Sante Piblik**— Nou ka kominike PHI ou ba yon otorite sante piblik nan objektif pou anpeche oswa pou kontwole maladi, blesi, oswa andikap. Nou ka kominike PHI ou bay Ajans pou Kontwòl Manje ak Medikaman (FDA) pou garanti kalite, sekirite, oswa efikasite pwodui oswa sèvis ki anba jiridiksyon FDA a. Sa gen ladan l dosye sou Twoub Itilizasyon Sibstans (SUD).
- **Viktim Abi ak Neglijans**— Nou ka kominike PHI ou ba yon otorite gouvènman nan nivo lokal, Eta oswa federal, sa gen ladan sèvis sosyal oswa yon ajans sèvis pwoteksyon lalwa otorize pou resevwa rapò sa yo si nou gen motif rezonab pou kwè gen abi, neglijans, oswa vyolans domestik.
- **Pwosedi Jidisyè ak Administratif**— Nou ka kominike PHI ou pou reponn ak yon òdonans administratif oswa òdonans tribinal. Nou ka oblije kominike PHI ou tou pou reponn ak yon manda pou konparèt, demann pou dekouvèt, oswa lòt demann sanblab.
- **Lapolis**— Nou ka kominike PHI aplikab ou ba fòs lòd yo lè nou oblije fè sa nan objektif pou nou reponn ak yon krim.
- **Dosye sou Itilizasyon Sibstans (SUD)** –Nou pa p itilize oswa divilge dosye sou SUD ou yo nan pwosidè legaj kont ou menm sof si:

- Nou resevwa konsantman alekri w, oswa
  - Nou resevwa yon òdonans tribinal, ou te ka okouran demann lan epi jwenn yon chans pou yo tande w. Òdonans tribinal lan dwe gen ladan l yon asiyasyon konparisyon oswa dokiman legal ki parèy ki egzije yon repons.
- ***Medsen Lejis, Egzaminatè Medikal ak Responsab Ponp Finèb yo*** — Nou ka kominike PHI ou ba yon medsen leis oswa ba yon egzaminatè medikal. Sa ka nesèsè pa egzanp pou detèmine yon kòz lanmò. Nou ka kominike PHI ou tou ba responsab ponp finèb yo, si sa nesèsè, pou yo akonpli devwa yo.
  - ***Don ògàn, zye ak tisi*** — Nou ka kominike PHI ou ba òganizasyon akizisyon ògàn yo. Nou ka kominike PHI ou tou ba moun ki travay nan akizisyon, bank, oswa transplantasyon ògàn, zye, ak tisi kadav.
  - ***Menas pou sante ak sekirite*** — Nou ka itilize oswa kominike PHI ou si nou kwè, ak tout bònfwa, itilizasyon oswa kominikasyon an nesèsè pou anpeche oswa pou diminye yon menas grav oswa yon menas ki prèt pou rive sou sante oswa sekirite yon moun oswa piblik la.
  - ***Fonksyon Gouvènman Espesyalize*** — Si w se yon manm Fòs Lame Amerikèn yo, nou ka kominike PHI ou jan otorite militè yo mande yo. Nou ka kominike PHI ou tou ba responsab federal otorize yo pou pwoblèm sekirite nasyonal, aktivite ransèyman, Depatman Deta pou detèmine si gen aptitud medikal, pwoteksyon Prezidan an, e lòt moun otorize jan lalwa egzije sa.
  - ***Konpansasyon Travayè*** — Nou ka kominike PHI ou pou nou respekte lwa anrapò ak konpansasyon travayè oswa lòt pwogram sanblab, lalwa etabli l, ki bay avantaj pou blesi oswa maladi anrapò ak travay san konsiderasyon fòt.
  - ***Sitiyasyon Dijans*** – Nan yon sitiyasyon dijans, oswa si ou pa kapab oswa ou pa prezan, nou ka kominike PHI ou ba yon manm fanmi, yon zanmi pèsonèl, yon ajans otorize pou sekou pou katastwòf, oswa nenpòt lòt moun ou te idantifye deja. Nou pral sèvi ak jijman pwofesyonèl e eksperyans pou detèmine si kominikasyon an nan pi bon enterè ou. Si kominikasyon an nan pi bon enterè ou, nou pral sèlman kominike PHI ki gen rapò dirèkteman avèk patisipasyon moun lan nan swen ou.
  - ***Prizonye*** — Si w se yon prizonye nan yon enstitisyon koreksyonèl oswa anba lagad yon ofisyèl aplikasyon lalwa, nou ka kominike PHI ou ba enstitisyon koreksyonèl la oswa ofisyèl aplikasyon lalwa a, kote enfòmasyon sa yo nesèsè pou enstitisyon an ba ou swen sante; pou pwoteje sante ak sekirite ou; oswa sante ak sekirite lòt moun; oswa pou pwoteksyon ak sekirite enstitisyon koreksyonèl la.
  - ***Rechèch*** — Nan sèten sikonstans, nou ka kominike PHI ou ba chèchè yo lè etid rechèch klinik yo te apwouve epi kote gen sèten pwoteksyon anplas pou asire konfidansyalite ak pwoteksyon PHI ou.

## **Itilizasyon ak Kominikasyon PHI Ou ki Egzije pou gen Otorizasyon Ou Alekri**

Nou oblije jwenn otorizasyon ou alekri pou itilize oswa kominike PHI ou, avèk eksepsyon limite, pou rezon annapre la yo:

- **Lavant PHI** – Nou pral mande otorizasyon w alekri anvan nou fè nenpòt kominikasyon ki konsidere kòm lavant PHI ou, ki vle di n ap resevwa konpansasyon lè nou kominike PHI yo nan fason sa a.
- **Maketing** – N ap mande otorizasyon w alekri pou itilize oswa kominike PHI ou pou rezon maketing avèk eksepsyon limite, pa egzanp lè nou gen kominikasyon maketing fas a fas avèk ou oswa lè nou bay kado pwomosyonèl ki gen valè nominal.
- **Nòt Sikoterapi** – N ap mande otorizasyon w alekri pou itilize oswa pou kominike nenpòt nan nòt sikoterapi ou nou ka genyen nan dosye avèk eksepsyon limite, pa egzanp pou sèten tretman, peman, oswa fonksyon operasyon swen sante.

Ou gen dwa pou revoke otorizasyon alekri ou a nenpòt lè eksepte nan limit kote nou te deja itilize oswa kominike PHI ou baze sou otorizasyon sa a ou te bay odepa.

## **Dwa Moun yo**

Sa ki annapre la yo se dwa ou konsènan PHI ou. Si w ta renmen sèvi ak nenpòt nan dwa annapre la yo, tanpri itilize enfòmasyon ki nan fen Avi sa a pou w kontakte nou.

- **Dwa pou Mande Restriksyon** — Ou gen dwa pou mande restriksyon sou itilizasyon ak kominikasyon PHI ou pou tretman, peman, oswa operasyon swen sante, ansanm ak pou kominikasyon ba moun k ap patisipe nan swen ou oswa nan peman pou swen ou, pa egzanp manm fanmi oswa zanmi pwòch. Demann ou a dwe endike restriksyon w ap mande yo epi endike pou ki moun restriksyon an aplike. Nou pa oblije aksepte demann sa a. Si nou aksepte, n ap respekte demann ou pou restriksyon an, sòf si enfòmasyon yo nesesè pou ba ou yon tretman pou ijans. Sepandan, nou pral mete limit sou itilizasyon oswa kominikasyon PHI ba yon plan sante pou peman oswa operasyon swen sante lè w te peye pou sèvis la oswa pou atik la okonplè ak lajan nan pòch ou.
- **Dwa pou Mande Kominikasyon Konfidansyèl** — Ou gen dwa pou mande pou nou kominike avèk ou sou PHI ou pa lòt mwayen oswa nan lòt kote. Dwa sa a aplike sèlman si enfòmasyon yo ta ka mete w an danje si yo pa kominike yo pa lòt mwayen oswa nan lòt kote ou vle a. Ou pa oblije esplike rezon an pou demann ou an, men ou dwe deklare enfòmasyon yo ka mete w an danje si mwayen oswa anplasman kominikasyon an pa chanje. Nou dwe satisfè demann ou an si li rezonab epi li presize lòt mwayen oswa anplasman kote yo dwe livre PHI ou.
- **Dwa pou Gen Aksè epi Resevwa yon Kopi PHI ou** — Ou gen dwa, avèk kèk eksepsyon limite, pou w gade oswa jwenn kopi PHI ou ki nan yon seri dosye deziyen. Ou ka mande pou nou bay kopi nan yon lòt fòm ki pa fotokopi. Nou pral sèvi ak fòm ou mande a sòf si nou pa kapab fè sa pratikman. Ou dwe fè yon demann alekri pou jwenn aksè nan PHI ou. Si nou refize demann ou an, n ap ba w yon esplikasyon alekri epi n ap di w si rezon refi a ka revize. N ap di w tou kijan pou w mande yon revizyon konsa oswa si refi a pa kapab revize.
- **Dwa pou Modifye PHI ou** — Ou gen dwa pou mande pou nou modifye, oswa chanje PHI ou si w kwè yo gen enfòmasyon ki pa kòrèk. Demann ou a dwe fèt alekri, epi li dwe esplike poukisa

enfòmasyon yo ta dwe modifiye. Nou ka refize demann ou an pou sèten rezon, pa egzanp si nou pa te kreye enfòmasyon ou vle modifiye yo epi kreyatè PHI yo kapab fè modifikasyon an. Si nou refize demann ou an, n ap ba w yon esplikasyon alekri. Ou ka reponn avèk yon deklarasyon ki endike ou pa dakò ak desizyon nou an, epi nou pral atache deklarasyon ou a nan PHI ou mande pou nou modifiye yo. Si nou aksepte demann ou pou modifiye enfòmasyon yo, n ap fè efò rezonab pou enfòmasyon lòt yo, pa egzanp moun ou nonmen, sou modifikasyon an epi pou mete chanjman yo nan nenpòt kominikasyon enfòmasyon sa yo alavni.

- ***Dwa pou Resevwa yon Kontrandi sou Kominikasyon yo*** — Ou gen dwa pou resevwa yon lis ka nan dènye peryòd 6 ane yo kote nou oswa patnè komèsyal nou yo te kominike PHI ou. Sa pa aplike pou kominikasyon ki fèt pou rezon tretman, peman, operasyon swen sante, oswa kominikasyon ou otorize e sèten lòt aktivite. Si w mande kontrandi sa a plis pase yon sèl fwa nan yon peryòd 12 mwa, nou ka fè w peye yon frè rezonab, ki baze sou pri pou reponn ak demann siplemantè sa yo. N ap ba w plis enfòmasyon sou frè nou yo nan moman demann ou an.
- ***Dwa pou Depoze yon Plent*** — Si w santi dwa konfidansyalite w yo te vyole oswa nou te vyole pwòp pratik konfidansyalite nou yo, ou ka depeze yon plent devan nou alekri oswa nan telefòn avèk èd enfòmasyon pou kontak ki nan fen Avi sa a.

Ou ka depeze yon plent tou avèk Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an lè w ou voye yon lèt nan 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201, ou rele **1-800-368-1019 (TTY: 1-800-537-7697)** oswa vizite **[hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/](https://hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/)**.

#### **NOU P AP PRAN OKENN MEZI KONT OU POUTÈT OU DEPOZE YON PLENT.**

- ***Dwa pou w Resevwa yon Kopi Avi sa a*** — Ou ka sèvi ak enfòmasyon kontak ki endike nan fen Avi a pou w mande yon kopi Avi nou an nenpòt kilè. Si w resevwa Avi sa a sou sit entènèt nou an oswa ak kourye elektwonik (imèl), ou gen dwa tou pou mande yon kopi Avi a sou papye.

Abitan Washington yo: “Wellcare” se Coordinated Care of Washington, Inc. ki bay li.

Abitan Washington yo: Konpayi asirans Health Net Life gen kontra ak Medicare pou plan PPO yo. “Wellcare by Health Net” se konpayi asirans Health Net Life Insurance Company ki bay li.

Abitan Washington yo: “Wellcare” se WellCare Health Insurance Company of Washington, Inc. ki bay li.

Manm D-SNP yo nan Louisiana: Antanke manm Wellcare HMO D-SNP, ou gen kouvèti alafwa nan Medicare ak Medicaid. Ou resevwa kouvèti swen sante Medicare ak kouvèti medikaman sou preskripsyon atravè WellCare epi ou kalifye tou pou resevwa sèvis swen sante ak kouvèti atravè Louisiana Medicaid. Pou aprann plis sou founisè ki patisipe nan Louisiana Medicaid, vizite [www.myplan.healthy.la.gov/en/find-provider](http://www.myplan.healthy.la.gov/en/find-provider) oswa <https://www.louisianahealthconnect.com>. Pou jwenn enfòmasyon detaye sou avantaj Louisiana Medicaid, tanpri ale sou sit entènèt Medicaid la nan <https://ldh.la.gov/medicaidepi> seleksyone lye “Learn about Medicaid Services” la. Pou mande yon kopi alekri Anyè Founisè Medicaid nou an, tanpri kontakte nou.

Avi:TennCare pa responsab peman pou avantaj sa yo, alesepsyon montan pataje frè ki apwopriye yo. TennCare pa responsab garanti disponiblite oswa kalite avantaj sa yo. Nenpòt avantaj ki depase avantaj Medicare tradisyonèl yo aplikab pou Wellcare Medicare Advantage sèlman epi yo pa endike yon ogmantasyon avantaj Medicaid.

Manm D-SNP yo nan Texas: Antanke manm Wellcare HMO D-SNP, ou gen kouvèti alafwa nan Medicare ak Medicaid. Ou resevwa kouvèti swen sante Medicare ak kouvèti medikaman sou preskripsyon atravè Wellcare epi ou kalifye tou pou resevwa sèvis swen sante ak kouvèti siplemantè atravè Texas Medicaid. Pou aprann plis sou founisè ki patisipe nan Texas Medicaid, vizite <https://www.wellcarefindaprovider.com/navigate-a-network.html>. Pou jwenn enfòmasyon an detay sou avantaj Texas Medicaid, tanpri ale sou sit entènèt Medicaid Texas la nan <https://www.hhs.texas.gov/services/health/medicaid-chip/medicaid-chip-members/starplus>. Pou mande yon kopi alekri Anyè Founisè Medicaid nou an, tanpri kontakte nou.